

Fallu Ngom. Wolof

Salamalekum,

Fallu Ngom laa tudd. Maa ngi juddoo ci dëkk bu ñuy wax Ziguinchor ci Kaasamaas. Zinginchor moo féete ci suufu Senegaal. Samay waajur—sama papa—moom région de cees la jóge ci dëkk bu ñuy wax—dëkku seereer la nak ndax moom seereer dëgg dëgg la —dëkk bu ñuy wax poydom ci yoonu xombol bi . Moom tayér la woon. Sama yaay moom kawlak la dëkk. Bi sama yaay ak sama papa xamantee ba ñu sëy, la ñu tukki dem Zinginchor. Jamono yooyu nak Zinginchor dafa neexoon lool ndax Zinguichor moo nekkon dëkk bi nga xam ne moo gënoona neexa dund daal. Bi mu demee ci—bi ñu demee foofu nak sanc fa, ñun fa lañu joddoo. Kon nak man ci dëgg dëgg Kaasamaas laa juddoo, fa laa màgge; mom laa... foofu daal laa gëna xam ci Senegaal.

Bi ma nekkee Kaasamaas nak, sama karce mi ngi tudloon Tileen Kajoor maanaam ci booru otel bi tudd otel Neema Kajoor. Ci ginaaw otel bi, am na benn jumaa bu fa nekk bu tudd Jumaa Dede Juuf; foofu mooy fi ma màggee. Foofu nak bi ma fa nekkee, ñi fa bariwoon mooy joola yi ...Joola yi sax bariwuñu fa woon waaye amoon na ay famiy joola yoo xam ne ñu ngi woon foofu . Sunu koññ ñi fa gënoona bari ñooy , yaakaar naa soose yi—mandinka yi— ak mankaañ yi. Amoon na itam ay pël ak ay Kreol. Ak ñan? Ak wolof—wolof yi bari woon na ñu fa. Maanaam xeet yii daal ak xeet yu bari nekkoon nañu fa. Ba leegi sax ñu ngi fa ndax dafa jege Gambi te dafa jege Gine Bisao. Kon foofu laa màggee. Bi ma fa nekke nak, wax dëgg Yalla, jàmm amoon nafa ci jamono yooyu. Wuute na ak jamonoy tay nga xam ne dafa am ay jafe jafe yu nu jàankoontel ci àll bi. Kon bi ma fay nekk... Fa laa juddoo màggee fa, jàngée Liice Jiñaaboo, nga xam ne moo nekkoon Liice bi nekk ci dëkk bi . Jiñaaboo nak fa laa jàngée ba am sama bak. Bi ma amee bak nak la ñu ma yónni—la ñu ma yóbb—Universite de Saint Louis. Jamono yooyu, ñoo ngi ko tuddee woon Universite de Saint louis, waaye leegi da ñu ko soppi – da ñu soppi tur bi. Mu ngi tudd Universite Gaston Berger. Bi ma yeggee Universite Gaston Berger, maa ngi jóge Zinginchor ci atum 1991—ci laa fa jógee dem Universite Saint Louis, nekk Universite Saint Louis ci departement Anglais . Departement Anglais nak laa nekkoon 91 ba 96. Ci jamono yooyu nak maa ngi nekkoon ci department Anglais ak specialization bi ma amoon mooy – bi ma doon def mooy—specialisation de Linguistique ak grammaire. Ndax ñaari xàcc ñoo fa nekkoon – ñaari pàcc moo fa

nekkoon : pàccu ñi nga xam ne ñoo doon saytu de gëstu ci mbiru literature ak pàcc bi nga xam ne ñoo doon nit ñi doon gëstu ci mbiru làkk yi. Man nak kom kaasamaas laa yaroo, te Zinguichor maanaam li fa nekk ci ay làkk da ñu bari lool kaar, jamono yi may dem universite, degoon naa wolof, degoon naa soose, degoon naa pël—pël yu bari sax, pël xeet yu bari. Degoon naa pël Fuuta Tooro, pël Fuuta Jalon ak pël Fula Kunda, degoon naa kreol, degoon naa tuuti joola , degoon na itam tuuti araab. Degoon naa maanaam làkk you bari daal. Bi ma demee universite Saint Louis kon maanaam xamxamu làkk yi muy pàccu linguitique bi moo ma gënoona yittéél.

Kon def naa ci universite Saint Louis 91 ba 96. jamono yooyu nak Yàlla def mu am benn bourse bu ñuy joxe—bu ñu doon maye—réw mi tudd Montana ci Etats-Unis. Yàlla nak dimbale ma ci barke Sériñ Tuuba ma def competition bi be pare ma gañe ko . Bi ma ko gañee nak laa dem Montana . Li ma fa yóbb woon nak competition bi moo nekkoon ngir dem fa jängale franse —jängale franse atum lëm. Bi ma yeggee Montana nak, ci universite bi tudd University of Montana in Missoula bi nekk ci deck bi tudd Missoula fa lañu ma yóbb woon . Bi ma fa yeggee nak ; maa ngi fa yegg Septembre yaakaar na ci weeru Septembre ci 1996. Ba ma fa yeggee ma doon jängale ñaari klaas – ñaari klaasu—franse. Jängale naa fa atum lëmm. Ci digante boobu nak, ma laaj leen ndax man naa def ab Masters ci at mi. Ñu ne ma waaw ; amul problem. ...Bi ñu nangoo, ma xaaj maanaam li ñu wara jäng ci programu maters bi. Normalma ñaari at la ñu ko wara def, waaye bi ma leen laajee, ñu ne ma ... kom nak yaaw Yàlla def na Afrik nga jóge ... te daal seen njàng foofu woolu wu ñu ko, xamuñu ndax bu ñu la bayyee nga def ko ci benn at xamuñu ndax dina mëna nekk wala du mëna nekk. Ma ni leen ...: « Ah teste leen ma rekk ; teste leen ma rekk». Bi Yàlla defee ma waxtaan ak ñoom ba ñu nangu li ñu waroon def ci ñaari at yi, ma ténk ko ci benn at. Ma xaaj ko ñaar ; programu master ma def ko ñaar.benn pàcc bi ma dóor ko mu daanu ci premier semestre bi. Ma am fa GPA bu 3.80/4. Ñu genne ma ci seen *Soley*¹ yi nak. Ñu xam ne mën naa ko def. Loolu nak du sama ligéey ; ligéeyu sama ay waajur la ak barke Sériñ Tuuba ndax man murid laa. Ci ñaareelu xaaj bi ci laa jeexal deuxième partie program bi am sama master donc... bi may dem Montana , ma nga fa demoon pour jängale deux semestreswaaye Yàlla mujj ma dimbale ci ñaari semestres yooyu ma mujj ci am master boo xam ne waroon naa ko def ci ñaari at.

¹ Soley means “Soleil” sun in French, here refers to the name of a newspaper.

Bi ma jógee foofu nak , bi ma amee master bi, laa demander admission ci universite bu tudd University of Illinois at Urbana-Champain . Foofu nak amoon na fa departement bu mag bu am solo boo xam ne am na solo lool ci mbiru xamxamu làkk yi muy mbiru lingistique . Foofu itam da ñu fa doon jàngale wolof ... bi ma fa demander nak ñu accepter ma fa, ma dem fa –ma jóge Montana dem fa—fa laa amee sama doctorat fa laa nekkoon depuis ci 1996 ba ci 2002 . Bi ma paree foofu , Yàlla def mu am benn ligéey bu feeñ ci beneen deck bu tudd—ci beneen réw ndax fii dafa bari ay dëkk ak ay réw— waye Etats-Unis moom ...réw mu rey la. Benn etat bu tudd etat de Washington.Bokkul nak ak Washington DC. Etat Washington bii mooy etat bi nga xam ne moo nekk ci booru Kanada. Te dëkk bi tudd Seattle fa la nekk . Mu am benn university bu nekk ca kaw Seattle , maanaam ñaari waxtu la bu fekkee da ngay dawal oto digante fi ma nekkoon ak Seattle mu tudd Western Washington University . Dëkk bi mi ngi tudloon Bellingham, nekk ci Bellingham , ci foronceeru Kanada bi. Foofu nak bi ma paree sama doctorat ci Illinois, fa laa am ligéey di fa jàngale xamxamu làkk yi muy Linguistique ak di jàngale franse... Ci Franse li ma fa gënoon yitéél foofu , li fa nekkoon sama ligéey moy xamxamu ni franse tasaaroo ci aduna bi xamxamu làkku franse, maanaam linguistique française . Foofu nak, Yàlla def na nekk naa fa ... 2002 ba 2007 . Ci degante boobu, ma nekk assistant professor, Yàlla dimbale ma ma raam di raam di raam ba ñu takkal ma ay ndombo tànk , ma nekk fa associate professor. Bi ma fa jógee nak, ma def benn competition bu tudd Fulbright , ci competition boobu , muy competition nguuru Amerik ; maanaam dañuy tànn gëstukat yi nga xam ne seen ligéey am na solo , ñu jox leen at ñu dem ci réw mi nga xam ne fa lañuy gëstoo, ñu nekk fa jàngale fa ndax ñaari réw yi, maanaam réwu Amerik ak réw moomu gëna xamante. Yàlla def nak man ñu yónni ma Universite Saint Louis : fi nga xam ne fa laa jàngée. Xam nga aduna moom moo gudd ab tànk . Adunaa gudd tànk ! Ba ma yeggee foofu, fi nga xam ne foofu la doon jàngée nekkoon fa taalibe, maanaam ma dellu si ma fay jàngale. Foofu nekk naa fa atum lëmm. Bi ma fa jógee nak, ci laa ñew Boston University di fi jàngale Anthropology ak di jiite kureel bi nga xam ne ñoo yor mbiru làkku Afrik yi. Kon loolu daal moy ci tënk tënk sama jaarjaar.

Waaw begg naa itam waxtaan ci mbirum sama ligéey. Maanaam, sama ligéey fii ci universite bi ñu tuddee Boston University. Maanaam, kom ni ma ko waxee leegi rekk, bi

ma jógee Senegaal bi sama Program Fulbright jeexee laa am beneen ligéey fii ci Boston University. Ñu takkal ma ay ndombo tånk yu bees. Bi ci jëkk, ñu def ma Associate Professor of Anthropology ñuy saytu mbiru nitt. Beneen bi: ñu takkal ma beneen ndombo tånk bi nga xam ne moom la ñu tuddee Director of African Language Program, nga xam ne mooy saytu lépp lu jëm ci xamxamu lakk réewu Afrik yi. Foofu nak maanaam maa nga fa remplacer ki nga xam ne moo fa nekkoon, nekk ab sëriñ bu mag bu ñu tuddee Sëriñ John Hutchinson. Moom nak moom laa fa remplacer. Leegi nak ligéey bi nga xam ne moo gëna tax ma ñew fii ci réw... fii ci deck bii, ñu jël ma fii, maanaam ñu andi ma fii, mooy saytu xamxam bi nga xam ne moom la nuy tuddee xamxamu ajami Luy ajami? Ajami mooy wolofal, mooy yeneen mbind yi nga xam ne da ñuy jël arafu araab yi di leen jël di bind lakk Afrik yi. Loolu nak, yàgg na ci Afrik. Maanaam boo demee Kasamaas ci soose yi, wala nga dem jurbel ci wolof yi, wala nga dem Nigeria wala Niger ci xawsa yi wala nga dem Gine ci pël yi wala ba ci Tanzani wala Keñaa, ay Zanzibaar, di nga gis ne Africain yi maanaam nitt ñu Afrik yàgg na ñuy bind ci seen lakk yi.

Xamxam boobu nak ñu bari xamuñu ko. Maanaam di ngay dégg bës bu nekk ñuy wax ne Africain yi musu ñu bind; ndax sunu cosaan cosaan oral la cosaanu wax la. Loolu nak am na ci dégg waaye bi nga xamee ne lislaam dugg na ci Afrik ci jamono yooyu, ñi nga xam ne ñoo doon nekk ci daara yi ak ñi nga xam ne dégg nañu araab ak ñu déggul araab te miin arafu araab, maanaam da ñu ko soppi di bind seen lakk yi. Loolu nak, yàgg na lool. Te xamxamu réw yi, xamxamu Senegaal , xamxamu Gine, xamxamu keñaa, xamxamu Tanzanie, xamxamu Niger, xamxamu réw yii nga xam ne lislaam yàgg na fa dugg, xamxam bobu, li ci gëna bari, nga xam ne nitt ñi ko bind ñoo ko dund, xamxam bobu, nekkul ci lakk faranse wala nekkul ci lakk angle, wala nekkul ci yeneen lakk yi: mu ngi ci ajami bi; mu ngi ci wolofal bi, maanaam boo bëggee xam Murid, boo bëggee xam luy cosaanu Murid, boo bëggee comprendre lan la Murid di tekki, war nga mëna liir, war nga mëna jàng ligéey bi bi nga xam ne borom wolofalkat yu mag yi: ku mel ni Sëriñ Musaa Ka, ku mel ni Moor Kayre, ku mel ni Mbay Jaxate ak ñeneen, ak ñeneen, ak ñeneen bind na ñu ko ci seen tariixa.

Kon nak, yu mel noonu, xamxam yu mel noonu dafa bari ci Afrik. Te Yalla def na kenn xamu ko te mem bu ñu ko xamee sax, maanaam joxu ñu ko gëddam. Gëdd bi nga xam ne

moom la ñu ko wara jox. Fii nak li ma fi bëggä def, li ma fi tambale ak sama ñi nga xam ne ñoo nekk ci sama suuf—may seen njiit—moy ñu tambale di jàngale ci làkk yi ñuy jàngale fii; muy lakki wolof, muy lakki xawsa, muy pulaar: làkk boo xam ne am na xamxamu ajami wala am na xamxam nga xam ne bind na ñu ko ci arafu araab yi te muy nekk ci làkku Afrik. Ñu fexe ba sunu taalibe yi—sunu etudiants yi—ñu man koo jàng. Kom saa bu ñu demee ci ... bu ñuy gëstu di nañu mëna am...di nañu mëna jàng xam li nekk ci teere yooyu. Nadax bu ñu ko deful—bu ñu ko deful—luy am mooy, maanaam lu ñuy wax ci Afrik wala lu ñuy bind ci Afrik, ñi koy bind xamuñu Afrik. Xamuñu Afrik ndax li ñu xam ci Afrik ci teerey tubaab yi la ñu koy jëlee te nak booy àtte kay, da ngay laaj ñaari... ñaar ñi nga xam ne maanaam ñoo jote. Teere yi nga xam ne ñom la ñu bind tey ci Senegaal tey, wala teere yi nga xam ne ñom la ñu bind ci xawsa yi, wala ci Fuuta Jaloñ yi, wala ñeneen ñi nga xam ne am nañu seen mbind yu bari yoo xam ne kenn xamu ko. Teere yooyu nak mën na ñu wax ne du ay teere yu nga xam ne mën nañu leena gëm. Sama ligéey daal kon mooy ñu fexe xamxamu Afrik mi nga xam ne bind nañu ko te mu tasaaroo ci Afrik te mu nekk ci Araf yi nga xam ne arafu araab la ñu bindee ko làkku Afrik yi mu tudd ajami ñu fexe ba xam leen, be mëna gis, yegg ci xamxam boobu boole ko ci xamxamu tey ndax ñu gëna xamante, ñu mëna gëna xam ne maanaam , xamxamu Afrik yàgg nañu koy bind. Bole xamxam boobu te yaakaar naa bu ñu boole ñaari xamxam yooyu—bu ñu boole xamxam bi nga xam ne mooy xamxamu wolofal wala muy xamxamu ajami bi bu mu mën ti nekk, ak xamxam bi nga xam ne moom lañu... moom la tubaab yi bind ak ñeneen ñi bind, di nañu gëna mëna xam Afrik—di nañu wara gëna mëna bëggante, di nañu wara gëna mëna xamante, di nañu wara gëna mëna jariñante. Lii daal moy sama ligéey. Ci gëstu yooyu laa nekk maak sama mbokk yi ak sama xarit yi nga xam ne ñoo nekk fii di ma jàppale te bu soobe Yàlla ak Yonent bi ak Sériñ Tuuba, yaakaar nañu ni ci jamono yiñ ñëw ci kanam, di nañu fexe ba lépp loo xam ne dafa féetewoo ci xamxamu Afrik, te ñu bind ko ci arafu ajami yi, mu jógee ... mu tambalee Senegaal ba ci ecópi (Ethiopie) nu fexe ba mu bokk ci xamxam bi nga xam ne da ñu koy jàngale Loolu daal laa leen bëggoona yëgël ci li nga xam ne moy sama ligéey.

Wa salaam.